



MIZAJOU KI ENPÒTAN

SI W GEN AVANTAJ ÈD MANJE SNAP



AVANTAJ ANPLIS SNAP AN IJANS LAN AP FINI NAN MWA FEVRIYE 2023 A

Akoz de chanjman ki fenk fèt nan lwa federal yo, avantaj tanporè anplis ou te konn resevwa ke yo te rele Vèsman SNAP an Ijans lan ap pran fen. Sa vle di apati premye mas 2023, se avantaj SNAP regilye w la w ap resevwa. Avantaj minimòm pou SNAP pa mwa nan New Jersey konnya se \$95.



KI KOTE MWEN KA JWENN DETAY SOU AVANTAJ MWEN AN?

Avantaj regilye a ak avantaj anplis EA a nan yon lis ki separe. Si w toujou elijib pou SNAP, w ap sèlman toujou resevwa avantaj regilye w la apati mwa mas. W ap resevwa yon lèt nan bwat postal ou nan mwa fevriye a k ap di w montan avantaj regilye w la, oswa ou kapab:

- Konekte a aplikasyon mobil **ConnectEBT** a
- Ale sou entènèt nan www.njfamiliesfirst.com
- Rele nimewo ki nan do Kat EBT Families First ou a – **1-800-997-3333**

OU BEZWEN ÈD POU W JWENN RESOUS POU KONEKTE W A ÈD POU MANJE?



Voye kòd zip ou bay
898-211

Ale sou entènèt nan
nj211.org/njsnap
pou w jwenn resous pou manje

? OU GEN KESYON?



Vizite NJSNAP.gov



Kontakte ekip k ap jere sèvis sosyal nan zòn kote w ye a



Eta New Jersey
Phil Murphy, Gouvènè | Sheila Oliver, Lyetnan Gouvènè



Depatman Sèvis Sosyal
Sarah Adelman, Komisyonè

